Established 1915
BROWARD
County Public Schools

# We yon bagay, di yon bagay

## Zanmi nan Broward, Bay yon Enfòmasyon!

**Nan ka ijans/emèjennsi, rele 911 touswit. Pou rapòte epi soumet yon pwoblem sekirite oswa enkyetid sou kesyon sekirite ki pa yon ijans, itilize youn nan metòd kominikasyon ki esplike anba a. Tanpri chonje ou ka rete anonim, si ou pa vle bay non ou.**

### Bwat enfòmasyon anonim

Ou ka pataje enfòmasyon epi soumèt fasilman enfòmasyon an, mete li nan bwat enfòmasyon anonim (telechaje pap nesesè). Bay plis detay ke p osib, non moun ki enplike, deskripsyon zik, non lekòl, medya sosyo idantifyan, etc.

BrowardSchools.com/SecurityTips

### Rele nou nenpòt lè (menm jou konje)

Rele liy dirèk Sant Operasyon Sekirite Distri a (DSOC) 24trè nan jounen 7 jou nan semenn (jou fèt ladann tou). Youn nan espesyalis DSOC, va pale amikalman ak ou nan telefòn epi resevwa rapò enfòmasyon ke li va transmèt touswit bay anketè nou. Fè espesyalis DOSC konnen ou pa vle bay non ou.

**754-321-3500**




### Voye yon imel

Voye enfòmasyon ou vle sou adrès imel ki anba a. Si ou chwazi metòd sa pou pataje enfòmasyon an, adrès elektwonik ou ap parèt. Ou ka toujou chwazi rete anonim senpleman di nou nan mesaj la ou pa vle bay non ou.

SecurityTips@BrowardSchools.com

### FortifyFL

Soumèt yon enfòmasyon grasa FortifyFL an liy (ou pap bezwen telechaje l) oswa pou pi fasil telechaje aplikasyon an. Itilize lyen anba a pou vizite FortifyFl. Rapò enfòmasyon ou ban-nou pral jwenn touswit fòsdelòd ak anketè nan Lekòl Broward.

GetFortifyFL.com


**Pwojè a resevwa sibvansyon No. 2019-YS-BX-0211 nan kad pwogram finansman Ofis Èd pou Jistis. Ofis Èd pou Jistis fè pati Ofis Pwogram Jistis Depatman Lajistis, ki enkli Ofis Estatistik Jidisyè, Enstiti Nasyonnal Lajistis, Ofis Jistis Jivenil ak Prevansyon Delenkans, Ofis pou Viktim Krim, ak Ofis SMART. Pwenndvi oswa opinyon nan dokiman sa pa nesesèman reflete pozisyon ofisyèl oswa direktiv Depatman Lajistis Etazini men se otè a ki eksprime opinyon pa-li.**



The School Board of Broward County, Florida • Lori Alhadeff • Patricia Good • Debra Hixon • Donna P. Korn • Laurie Rich Levinson • Sarah Leonardi • Ann Murray • Dr. Rosalind Osgood • Nora Rupert • Dr. Vickie L. Cartwright, Interim Superintendent of Schools

School Board Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi sou baz diskriminasyon laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, enfomasyon jennetik, eta sivil, nasyonnalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Board of Boward bay Boy Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziye, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka rele Direktè Department Equal Educational Opportunities/ADA Compliance ak/oswa Kodonatè Ekite Distri a /Kodonatè Tit IX, nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine nan nimewo 754-321-2158. Dapre amannman lwa 2008 lwa Americans with Disabilities Act, moun andikape ki bezwen akomodasyon oswa adaptasyon dwe rele Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine TTY) 754-321-2158. browardschools.com.


SAFETY, SECURITY & EMERGENCY PREPAREDNESS
Broward County Public Schools


BED<ht#311/is/09/21>
Document translated by the Bilingual/ESOL Department (09/21)